



KONDISYON POU ENSTALASYON YON KONEKSYON ELEKTRIK TANPORÈ NAN YON POTO LANP

- 1. Òganizasyon ou an ap responsab tout frè pou enstalasyon koneksyon elektrik tanporè a ak frè enèji nan anplasman ki konsène a.
2. Òganizasyon ou an responsab pou fè aranjman finansye ki nesèsè yo avèk Con Edison pou pri enèji a. Tanpri kontakte Sèvis Kliyan Con Edison nan 1-800-75-CONED (1-800-752-6633) pou jwenn detay.
3. Òganizasyon ou an responsab pou nenpòt domaj koneksyon sa a lakòz nan limyè lari yo ak sistèm ekleraj lari a. Ou pa dwe dekonekte fil elektrik ki nan aparèy limyè lari a jamè.
4. Pou sekirite piblik la, yo dwe enstale fil elektrik tanporè a yon fason pou li pa lakòz yon risk pou piblik la bite. Ou dwe respekte tout kòd sekirite aplikab yo.
5. Se yon Elektrisyen lisansye Vil New York ki dwe fè tout travay yo.

Pou enfòmasyon ou, nou endike anba a kèk nan kontraktè elektrisyen kalifye yo:

Table with 4 columns: Company Name, Phone Number, Company Name, Phone Number. Includes Hellman Electric, Verde Electric, Windsor Electrical, Welsbach Electric, EJ Electric, and Metro Electrical.

- 6. Ou aksepte retire responsabilite sou Vil la pou nenpòt sityasyon ki vin genyen akòz sa ki endike anwo a.
7. Ou pral kontakte Divizyon Ekleraj Piblik (Division of Street Lighting), nan (212) 839-3322, omwen karant-wit (48) èdtan anvan kòmansman travay la.
8. Siyati yon responsab otorize kòm sadwa pou òganizasyon ou an nan anba dokiman sa, epi voye l tounen nan Division of Street Lighting, 34-02 Queens Boulevard, Long Island City, New York 11101, sa ap reprezante konsantman ou pou sa ki anwo la a.

Anplasman Poto a: _____

Non Òganizasyon an: _____

Adrès Òganizasyon an: _____

Siyati: _____ Dat: _____

Non ak Adrès Kontraktè Elektrisyen an: _____

Telefòn _____

Nimewo Lisans: _____ Con

Nimewo Dosye oswa Nimewo Kont Edison: _____